



Reyinyon Konsèy DOER ki Dirije pa Egzanp

12 Novanm 2024



Ajenda Reyinyon an

- Enstriksyon ak Nouvo anplwaye
- Sak gen de nouvo nan Massachusetts?
- Sak gen de nouvo ak LBE?
- Sak gen de nouvo pou 2025?
- Sak gen de nouvo ak Done yo ?
- Fèmti



Sak gen de nouvo nan Massachusetts?

- Finansman Enèji Federal pou MA (Massachusetts)
- Avan pwojè plan 3 zan Mass Save 2025-2027
- Chanjman pou ACT

Finansman Enèji Federal pou Massachusetts (lis pasyèl)

Non pwogram	Deskripsyon	Finansman yo akòde
Pwogram Fòmasyon moun k ap fè odit Enèji (EAT)	Bay eta a lajan pou yo fòme moun pou fè odit enèji oswa sondaj sou bilding komèsyal ak rezidansyèl yo.	\$2,000,000
Rabè efikasite Lakay (HER)	Entanperizasyon rezidansyèl ak ankourajman elektrifikasyon nan 40 MLP, ak dekarbonizasyon pou lojman pou lwe ki abòdab.	\$73,233,910
Elektrifikasyon kay ak Rabè sou Aparèy (HEAR)	Elaji aksè a ponp a chalè, amelyorasyon elektrik ak aparèy elektrik pou rezidan ki gen revni ki ba ak revni modere.	\$72,809,130
Pwogram Enèji Eta a	Finansman pou efò dekarbonizasyon eta ak minisipalite yo ak anplwaye DOER pou sipòte finansman federal.	\$7,699,040
Pwogram Efikasite Enèji ak Blòk Konsèvasyon (EECBP)	Sibvansyon enèji ak dekarbonizasyon pou kominote ki gen popilasyon mwens pase 35,000 moun.	\$2,494,680
Sibvansyon pou Redwi Polisyon Klima (CPRG) – Kowalisyon Ponp a Chalè	Efò plizyè eta pou ranfòse adopsyon ponp a chalè nan kay yo.	\$ 450,000,000 (plizyè eta) \$ 100,000,000 (MA)
Pwogram Rezilyans rezo ak Patenarya Inovasyon (GRIP + GIP)	Finansman pou sipòte nouvo ak amelyore entèkoneksyon pou enèji renouvlab ak estokaj batri ak amelyore rezistans rezo a.	\$389,000,000
Sistèm solè pou tout moun	Finansman pou deplwaman solè pou popilasyon nan rezidans yo e ki gen revni ki ba.	\$156,000,000
Asistans Teknik nan Kòd Enèji Bilding	Finansman pou fòmasyon, edikasyon, ak devlopman mendèv pou sipòte aplikasyon efikas ak ranfòsman estanda pèfòmans bilding (BPS) nan Boston ak Cambridge.	\$19,994,487
Transmisyon chwa sit yo ak Devlopman Ekonomik (TSED)	Pou Vil Barnstable enstale yon mikwo rezo ki mache ak enèji renouvlab. Diminye depans enèji ak amelyore kalite lè pou vil la.	\$42,328,000

Avan pwojè Mass Save 2025-2027

Nou espere DPU ap
apwouve plan final
la an fevriye

NOUVO eleman nan pwogram yo pwopoze yo gen ladan l:

Komèsyal & Endistriyèl

- Apati 2025, **nouvo bilding yo dwe sanpousan elektrik pou yo resevwa nenpòt sipò nan Mass Save**
- Ankourajman pou nouvo konstriksyon ki asosye ak **rediksyon kabòn enkòpore**
- Asistans teknik pou sipòte **komisyon nan bilding ki egziste deja ak planifikasyon dekarbonizasyon**
- **Retire tikras pa tikras ankourajman pou ekleraj san kontwòl** (sèlman ekleraj kontwole ap resevwa ankourajman)

Rezidansyèl ak Ekite

- **Kritè elijibilite elaji** pou kliyan revni modere
- Avèk DOER, bonjan ekspansyon pou kondwi **elektrifikasyon moun ki gen revni fèb** (\$ 72 milyon dola nan IRA federal)
- Sipò pou **dekarbonizasyon lekòl Commonwealth yo** ak yon anfas sou kominote EJ yo
- Nouvo objektif agresif pou ankourajman Jistis Anviwònman ak deplwaman efikasite/ponp a chalè

Mizajou nan Règleman Kamyon ekolojik Avanse

● Lwa eta a egzije pou Commonwealth la adopte estanda emisyon veyikil Kalifòni si yo pi agresif pase estanda federal yo (gade [*Pwogram veyikil ki ba emisyon nan Massachussets*](#))

● Règleman Kamyon Ekolojik Avanse (ACT) yo te adopte an 2021 epi yo gen ladan yo kondisyon nan pousantaj vant fabrikan ZEV (machin zewo emisyon) apati Ane Modèl 2025 pou akselere mache a pou machin zewo emisyon mwayen ak sa ki pwa lou yo

MIZAJOU

MassDEP ap bay **egzanpsyon OEM pou machin retire nèj nan eta a ak minisipalite yo** (pa egzantp, kamyon pil fatra, distribitè sèl ak sab, lodè) ak materyèl pou bale lari pou ane modèl 25 ak ane modèl 26



Imaj: [MassDOT](#)



Sak gen de nouvo ak LBE?

- Opòtinite Sibvansyon
- Pwogram Rechaj Veyikil pou lakay
- Planifikasyon Elektrifikasyon Flòt



Pwogram Sibvansyon LBE

1. Dekarbonizasyon+ Sistèm Solè
2. Dekarbonizasyon Ekipman
3. Ekipman rechaj flòt machin elektrik
4. Etid Posiblite Enèji Pwòp
5. Pwogram Retablisman pou Sistèm Solè ak Dekarbonize

NOUVO!

Dekarbonizasyon+ Sistèm Solè

- **Deskripsyon:** Nouvo pano solè, depo enèji batri, EVSE piblik oswa espas travay, pwojè dekarbonizasyon. Pri pou chak wat (solè) ankourajman ak estokaj si w vle, EVSE, ak finansman dekarbonizasyon.
- **Kalifikasyon:** Òganis pouvwa egzekitif, edikasyon siperyè piblik, ak otorite yo.
- **Limit sibvansyon an:** Jiska \$2,500,000 pou chak pwojè.
- **Dat limit pou aplike:** Yo asepte aplikasyon yo san kanpe!

\$ 25M
rete



Dekarbonizasyon Ekipman

- **Deskripsyon:** Pou ponp chalè, aparèy chofaj dlo, kwizin, jaden, oswa operasyon ak antretyen ekipman. Kouvri depans 40%–55% nan depans pwojè ki kalifye yo. Règ nan kesyon acha Etazini yo aplike nan sèten ka.
- **Kalifikasyon:** Òganis pouvwa egzekitif, edikasyon siperyè piblik, ak otorite yo.
- **Plafon sibvansyon:** \$150,000-\$350,000 pou chak pwojè selon kategori a.
- **Dat limit pou aplike:** Yo asepte aplikasyon yo san kanpe!



Deplwaman rechaj flòt machin elektrik

- **Deskripsyon:** Pou enfrastrikti rechaj flòt machin elektrik eta a dedye. Kouvri jiska 100% nan depans yo, ki gen ladan: ekipman, evalyasyon, enstalasyon, mete an sèvis, prekablaj, peman alavans pou antretyen/pakè done, garanti pwolonje.
- **Kalifikasyon:** Òganis pouvwa egzekitif, edikasyon siperyè piblik, ak otorite yo.
- **Limit sibvansyon (pa ajans):**
 - Flòt < 200 machin = \$300,000
 - Flòt ≥ 200 machin = \$500,000.
- **Dat limit pou aplike:** Yo asepte aplikasyon yo san kanpe!

\$ 1.09

milyon ki rete


Deplwaman rechaj flòt machin elektrik

TANPRI SONJE

Nouvo desizyon AGO a te detèmine ke antite piblik yo ka itilize sèlman kontra nan tout eta a pou pwojè ki gen ladan aktivite konstriksyon si pri total pwojè apa plis pase \$50,000 an total.

Sa gen ladan VEH102 ak TRD01!

DOER konnen defi sa a ka prezante pou pwojè rechaj machin elektrik yo epi l ap travay pou sipòte ajans ki afekte yo nan idantifye estrateji altènatif yo.



Etid Posiblite Enèji Pwòp

- **Deskripsyon:** Pou teknoloji ekolojij oswa estrateji ki vize rediksyon enèji, emisyon, ak/oswa konbistib fosil (egzanp, Etid Polinatè UMA).
- **Kalifikasyon:** Òganis pouvwa egzekitif, edikasyon siperyè piblik, ak otorite yo.
- **Limit sibvansyon an:** Jiska \$150K pou chak etid.
- **Dat limit pou aplike:** Yo asepte aplikasyon yo san kanpe!

Finansman limite

DOER ap idantifye
fon adisyonèl

Nouvo Sibvansyon sou Blòk la: Pwogram Retablisman pou Sistèm Solè ak Dekarbonize



Reparasyon oswa ranplasman sistèm pano solè ak sistèm dekarbonize **ki egziste deja, eta a posede** (ponp chalè ak tèmik solè) pou:

- Asire sistèm yo fonksyone nan kapasite maksimòm yo
- Evite itilize sistèm bakòp konbistib fosil
- Diminye depans enèji
- Sipòte objektif enèji pwòp pou operasyon gouvènman eta a

**Sibvansyon yo
ka kouvri jiska
100% depans
pwojè ki
kalifye yo**

\$5 milyon disponib

\$1.5 milyon pou chak
antite

\$500 mil pa pwojè

[APÈN LANSE! Paj Web Sibvansyon an](#)

Pwogram Retablisman pou Sistèm Solè ak Dekabonize

PRI PANO SOLÈ KI KALIFYE

Sa gen ladan men se pa sa sèlman

Panno Solè

Sistèm swiv pwodiksyon oswa ekipman siveyans

Sistèm kablaj

Sistèm montaj yo

Invètè



Pwogram Retablisman pou Sistèm Solè ak Dekabonize

Ponp chalè ayewotèmik, ponp chalè jeyotèmik, ak sistèm tèmik solè



Imaj: [Mass Save](#)

PRI ADMISIB POU SISTÈM DEKABONIZASYON

Sa gen ladan men se pa sa sèlman

Koneksyon elektrik

Kontwòl

Pase tiyo ak kanalizasyon

Sistèm echanj chalè

Kolektè, tiyo, ak amòtisè

Estrikti sipò

Ponp ak vantilatè

Sistèm Estokaj



Elektrifikasyon Flòt

- Pwogram Rechaj Veyikil pou lakay
- Planifikasyon Elektrifikasyon Flòt

Politik Rechaj Veyikil pou lakay

Ekip LBE DOER yo, A&F, ak EEA ap travay pou finalize yon politik ki pral pèmèt finansman eta pou sipòte deplwaman kapasite rechaj nan rezidans anplwaye eta a apwouve ak machin elektrik pou lakay yo.

Poukisa nou bezwen yon politik rechaj pou machin elektrik pou lakay?



EO594 mande pou 20% nan tout flòt eta a vin elektrik anvan 2030



Veyikil pou lakay yo se gwo kandida pou elèktrifikasyon



Anjeneral yo itilize sèlman pou transpòte 1-2 moun ki pa gen anpil ekipman



Toujou estasyon nan menm kote ki bay aksè ak chaj



Bezwen chaje nan lokal garaj la pou ogmante efikasite veyikil la ak anplwaye yo




Règleman an pral adrese akizisyon, responsablite, asirans, pwopriyetè, pwoblèm ranbousman, elatriye.

Politik Rechaj Machin elektrik pou lakay nan Massashussets

Sa a se yon ***pilòt volontè*** ki ta bay ekipman eta a finanse pou itilizatè machin elektrik pou lakay nan rezidans prive yo.

Politik la pral gen ladan:

- Ki itilizatè machin elektrik pou lakay ki elijib
- Ki jan yo pral achte ak finanse ekipman eta a
- Presizyon teknik pou eta ki finanse enstalasyon yo
- Ki jan itilizatè machin pou lakay yo pral ranbouse pou elektrisite yo itilize pou chaje machin elektrik pou lakay la



Planifikasyon Elektrifikasyon Flòt

Ekip LBE ap sipòte devlopman plan pou chak nan 52 flòt ki pa AVM yo, ki gen ladan:

- **Detèmine estati planifikasyon flòt** pou chak flòt
- **Konpile rezilta rezime** ki soti nan plan ki fini yo
- **Konekte** chak flòt nan resous planifikasyon apwopriye
- **Rapòte bay Biwo Klima** sou plan elektrifikasyon flòt yo epi evalye si deplwaman rekòmandasyon plan yo pral satisfè objektif elektrifikasyon flòt Ane fiskal 2030 EO594 (20% machin zewo emisyon)

! Divès resous gratis ki disponib pou flòt yo pou planifikasyon elektrifikasyon

**JAN
31.**

*Kòmanse pwosesis
planifikasyon flòt*

**AVR
30.**

*Antite yo pataje plan
avan pwojè ak LBE*

**ME
30.**

*Antite yo pataje
plan final la ak LBE*

**JEN
30.**

*LBE devlope
rezime plan yo*



Sak gen de nouvo pou 2025?

- ◆ Objektif ak Priyorite Ajans lan
- ◆ Sa k gen de nouvo kote pa w: Objektif ak Priyorite Patnè LBE yo

Men, anvan – Nou vle tande w!


Eskane kòd QR ki anba a:



OSWA ale sou paj wèb sa a
pou reponn yon kesyon
rapid:

<https://www.slido.com/>

Epi antre kòd: 3265872




Objektif ak
Priyorite Ajans lan

Objektif LBE pou 2025

FLÒT YO


- Ede 52 antite ki pa OVM fini plan elèktrifikasyon flòt obligatwa yo
- Finansman kontinyèl pou machin elektrik, ki gen ladan lansman nouvo politik pou machin pou lakay yo
- Devlope politik pri EVSE piblik ak EEA
- Idantifye opòtinite pou elèktrifikasyon machin MHD
- Rechèch opsyon gaz altènatif pwovizwa oswa estrateji pou machin MHD, ki gen ladan dyezèl renouvlab



SISTÈM SOLÈ

- Elaji deplwaman sistèm Solè (epi pètèt estokaj batri ak efò preparasyon dekarbonizasyon sou plas) atravè Sibvansyon Dekarbonizasyon Solè
- Jwenn rezo pano solè ki egziste deja yo sou entènèt atravè Sibvansyon pou Retablisman

Objektif LBE pou 2025



DEKABONIZASYON


- Lanse nouvo sibvansyon yo mete sou pye gwo inisyativ Dekarbonization pou kanmpous ak etablisman
- Sible konvèsyon ti bilding soti nan konbistib fosil pou pase nan ponp chalè atravè sibvansyon ekipman dekarbonizasyon
- Ogmante ranplasman ekipman amenajman jaden ki itilize gaz fosil

SIPÒ AK KONSÈY

- Travay avèk A&F ak OCIR pou distribye konsèy federal sou pwosesis peman dirèk
- Avanse priyorite ekite ak EJ eta a
- Prim LBE nan dat 30 janvye
- Aliyen resous LBE ak asistans ak bezwen konsène yo idantifye yo

Objektif ak Priyorite Dekarbonizasyon DCAMM yo

Chak pwojè
DCAMM se yon
pwojè
dekarbonizasyon!



INISYATIV ZEWO KABÒN



Objektif ak Priyorite Dekabonizasyon DCAMM yo

Kontinye ak pwogram yo epi bati plan espesifik yo

Devlope pwojè pou plan investisman kapital alavni nan pwogram yo

Konsepsyon ak konstriksyon pwojè yo

Entegre nan planifikasyon antretyen ranvwaye

Anvizaje restriktire

Avanse estrateji ki favorize acha pwodui ekolojik DCAMM la



Patikularite DCAMM yo

Konplete

2.2 milyon SF san gaz fosil

Ap pwogrese

890,000 SF san konbistib fosil (e k ap grandi)

Renouvlab

20,000 megawat chak èdtan e chak ane

Batiman pasif

1 dwe sètifye byento

Demaraj

Objektif EUI



Bristol Community College: Bldg Sante ak Syans John J. Sprega (John J. Sprega Health and Science Building)



MassDEP 2025 Priyorite Rediksyon Dechè Solid



Reyinyon Konsèy ki Dirije pa Egzanp
12 Novanm 2024
John Fischer

Objektif ak Priyorite pou 2025

- Objektif jeneral: diminye estokaj pa 30 pousan (1.7 milyon tòn) avan 2030
- Priyorite pou Rediksyon Dechè Komèsyal/Enstitisyonèl
 - Gaspiyaj manje – 21%
 - Katon – 8.5%
 - Twal – 5%
 - Materyèl konstriksyon – bwa, planch, tuil
 - Atik alimantè pou yon sèl itilizasyon – tranzisyon nan sa yo ka itilize ankò
- Konsantrasyon sou Rapò Chèf Klimatoloji a
 - Konfòmite entèdiksyon dechè nan etablisman eta a



DIVIZYON SÈVIS OPERASYONÈL

Priyorite Klima ak devlopman dirab OSD 2025

Michelle Broussard, Manadjè Inisyativ Estratejik



Pwogram apwovizyònman ak Pwodwi ki pi bon pou Anviwònman an

Pwofite Akizisyon Piblik pou Sipòte Objektif Klima nou yo

PWODWI AK SÈVIS

Fè mache a vin ekolojik: Elaji chwa ekolojik sou kontra nou yo nan tout Eta a.

Enfòmasyon sou pwodwi yo

- Egzije EPD & HPD pou pwodwi ki aplikab yo.
- Egzije divilgasyon sètifikasyon twazyèm-pati ak estanda anviwònman nan katalòg pwodwi ak fichye pri.
- Amelyore idantifikasyon EPP yo nan platfòm acha elektwonik nou an (Marketplace Pilot).

Konsèy, Fòmasyon ak Konsyantizasyon

- Mizajou Gid Pwodwi ak Sèvis EPP.
- Devlope fòmasyon EPP pou moun ki konsène sou plan entèn (OSD Sourcing) sou plan ekstèn (moun k ap achte ak moun k ap vann).
- Pote konsyantizasyon sou klima ak anviwònman nan Evalyasyon vandè pwofesyonèl yo



Pwogram apwovizyònman ak Pwodwi ki pi bon pou Anviwònman an

Pwofite Akizisyon Piblik pou Sipòte Objektif Klima nou yo

DEVLOPMAN DIRAB VANDÈ

Enfliyanse konpòtman vandè a: Entegre pèfòmans devlopman dirab vandè nan kontra nan tout Eta a.



Demann pou Repons

- Ekspansyon langaj RFR OSD pou mete aksan sou enpòtans klima a.

Evalyasyon Devlopman dirab Vandè

- Revizyon Fòm Pratik Klima ak Anviwònman (CEP)
- Konsèy ak Fòmasyon: Devlope Gid Fòm CEP, Videyo Fòmasyon, Kesyon yo Poze Souvan, pami lòt resous pou fasilite itilizasyon fòm ajou a.

Rapò sou Klima

- Rapò vandè sou klima apre desizyon.

Elektrifikasyon Flòt

Elektrifye Flòt Eta a pou Sipòte Objektif Klima nou yo

Planifikasyon Ajans

- Sèvi ak ajisteman pwogresif gide konsiltan 2024 pou desizyon ak planifikasyon apwopriye sou transfòmasyon veyikil flòt yo. Yo prevwa plan ajans yo avan fen janvye 2025.
- Travay avèk Ajans yo pou evalye ak fasilite pwojè EVSE ki sipòte flòt obligatwa yo.

Sipò kontinyèl

- Travay ak 'Chanpyon Chanjman Ajans' yo idantifye pou evalye rezistans oswa defi pou chanjman yo pwopoze yo epi devlope estrateji pwo-aktif pou adrese enkyetid sa yo.
- Kontinye kolaborasyon ak Ajans yo pou reyalize elèktrifikasyon flòt dirab ak letan kòm objektif pwogrè.



Resous OSD

- Enskri pou Kominikasyon: bit.ly/OSDsignup
- OSD: www.mass.gov/osd
- COMMBUYS: www.commbuys.com
- Biwo Èd OSD: 1-888-627-8283 oswa OSDHelpDesk@mass.gov
- Blòg OSD: www.mass.gov/collections/procurement-insights



Suiv nou!

@Mass_OSD



Sak gen de nouvo kote pa w ?

- Ki prensipal (1-2) objektif enèji pwòp/klima w an 2025?
- Ki gwo difikilte ki ka anpeche w atenn objektif sa yo?
- Ki asistans espesifik oswa resous LBE oswa lòt ajans ka bay?




Sak gen de nouvo ak Done yo ?

- ◆ Pwogrè LED pou ane fiskal 2023
- ◆ Mizajou Fòm suivi ane fiskal 2024
- ◆ Règleman sou Rapò sou Enèji Gwo Bilding (LBER)


Emisyon Fosil sou plas pou Ane fiskal 2023

Ane fiskal 2004-2023 Pòtfèy Eta sou Emisyon Fosil sou plas



- Apati ane Ane fiskal 2023, dosye eta a te depase objektif ane Ane fiskal 2025 lè yo atenn yon rediksyon 24% nan emisyon konbistib fosil kipwodui sou plas
- Nan 19 dènye ane yo, pòtfèy la te redwi emisyon FF sou plas pa ~155,000 MTCO₂e; nan 6 pwochen ane yo, pòtfèy la bezwen diminye emisyon FF sou plas pa ~75,000 MTCO₂e pou satisfè objektif Ane fiskal 2030
- Emisyon FF sou plas yo te rete pi ba pase nivo anvan COVID pandan ak apre COVID


Konsomasyon mazou pou Ane fiskal 2023



- Apati ane Ane fiskal 2023, dosye eta a redwi itilizasyon mazou pa 88%, oswa 21.9 milyon galon
- Pou atenn objektif Ane fiskal 2025, dosye a dwe diminye itilizasyon lwil pa ~450,000 galon (15% nan itilizasyon aktyèl la)
- Pou atenn objektif Ane fiskal 2030 la, dosye a dwe diminye itilizasyon mazou pa ~ 1.7 milyon galon (58% nan itilizasyon aktyèl la)


Entansite itilizasyon enèji Ane fiskal 2023 (EUI)

Ane fiskal 2004-2023 EUI Meteyo-normalize



- Apati ane Ane fiskal 2023, potfèy eta a te redwi EUI pa 12%
- Pou atenn objektif Ane fiskal 2025 la, dosye a dwe diminye EUI aktyèl la pa 9%
- Pou atenn objektif Ane fiskal 2030 la, dosye a dwe diminye EUI aktyèl la pa 17%


EUI selon Kalite Enèji



- Bès enpòtan nan elektrisite EUI pandan COVID


Elektrifikasyon Flòt Eta a

Deplwaman Flòt machin zewo emisyon eta a



- Apati kòmansman mwa novanm 2024, pati nan machin elektrik nan flòt eta a se **4.5%** (432 total machin zewo emisyon)
- Pou atenn objektif Ane fiskal 2025, flòt eta a dwe **elèktrifye 46 lòt machin**
- Pou atenn objektif Ane fiskal 2030, flòt la bezwen elèktrifye yon lòt 1,434 machin, oswa **287 machin zewo emisyon adisyonèl pa ane**

Deplwaman rechaj machin elektrik



- 444 estasyon rechaj ki enstale kounye a nan sit leta yo
 - Objektif depase sib ane fiskal 2025 byen bonè
 - Aktyèlman 118 estasyon flòt (198 priz)
- 127 lòt estasyon planifye oswa k ap pwogrese ki ta depase objektif ane fiskal 2030 yon fwa yo enstale

Fòm suivi LBE pou 2024: Sak gen de nouvo?



Onglè Sous Done yo

Esplike ki done nou deja kolekte ak ki done nou toujou ap mande



Onglè Planifikasyon Dekarbonizasyon

Mande enfòmasyon sou nenpòt efò planifikasyon dekarbonizasyon pou flòt ou ak/oswa enstalasyon ki te avanse nan ane fiskal 2024

**DAT LIMIT: VANDREDI
13 DESANM**

Telechaje fòmilè a atravè paj wèb **Zouti ak resous LBE** [isit la](#)
Ou gen Kesyon? Imel: sophia.vitello@mass.gov

Rapò Enèji Gwo Blding (LBER)

Egzije rapò sou done itilizasyon enèji pou tout bilding nan Commonwealth la ki gen **plis pase 20,000 pye kare**.

- **Rapò itilizasyon** pou premye fwa yo oblije fèt an 2025 (nan done 2024):
 - Sèvis piblik yo rapòte itilizasyon elektrik, gaz, ak vapè nan non bilding ki kouvri yo
 - Pwopriyetè bilding yo rapòte yo te delivre itilizasyon gaz (lwil, pwopàn, bwa, elatriye)

- Pwochen etap pou antite eta yo:
 - LBE ap chèche fason pou pi bon ajans sipòte nan pwosesis sa a
 - Kondisyon espesifik pou senaryo konplèks (egzanp, anviwònman lakou lekòl la, enèji renouvlab ki pwodui sou plas) toujou anba devlopman
 - Rapò a pral mande koperasyon ajans lan



PANO SOLÈ DÈNYESYÈK LA



PANO SOLÈ SYÈK AKTYÈL LA

Copyright by Signe Mikinsan

Fèmti



Reyinyon Konsèy LBE yo : Sonje dat sa a

14 Janvye 2025

11 Mas 2025

13 Me 2025

Ou gen Kesyon?

Kontakte Arianna nan arianna.zrzavy@mass.gov

Opòtinite Sibvansyon Aktyèl



Pwogram Sibvansyon LBE	Dimansyon	Finansman Aktyèl Disponib apati Novam 2024; Estrikti finansman sibvansyon
Sibvansyon Solè- Dekabonizasyon	Nouvo pano solè, depo enèji batri, EVSE piblik oswa espas travay, pwojè dekarbonizasyon.	<u>\$25,000,000</u> Pri pou chak wat (solè) ankourajman ak estokaj si w vle, EVSE, ak finansman dekarbonizasyon
Dekabonizasyon Ekipman	Ponp chalè, aparèy chofaj dlo, kwizin, jaden, operasyon ak antretyen ekipman	<u>\$2,420,000</u> Ant 40%–55% nan depans pwojè yo
Deplwaman rechaj flòt machin elektrik	Enfrastrikti rechaj flòt machin elektrik eta a dedye	<u>\$1,091,830</u> Jiska 100% nan depans pwojè yo
Etid Posiblite Enèji Pwòp	Teknoloji ekolojij oswa estrateji ki vize rediksyon enèji, emisyon, ak/oswa konbistib fosil	<u>FINANSMAN LIMITE</u> DOER ap idantifye lajan anplis; toujou aplikab! Jiska \$ 150 mil pou chak etid
Sibvansyon Retablisman pou Sistèm Solè ak + Sistèm Dekabonize	Pano solè eta a ki deja egziste, ponp chalè, ak sistèm tèmik solè	<u>\$5,000,000</u> Jiska 100% nan depans pwojè yo

- Kalifikasyon pou tout sibvansyon ki nan lis pi wo a gen ladan ajans Pouwa Egzekitif, piblik ki byen edike a ak otorite yo
- Chak pwogram ap aksepte aplikasyon sou yon baz woulman